# АСА ҚӘЎИПЛИ КЕСЕЛЛИКЛЕРДИҢ АЛДЫН АЛЫЎДА ИСЛЕНИП АТЫРҒАН ИЛАЖЛАР

**Р.Бабатаев**
Хожели районы АЖБ АЖПБ ага инспекторы капитан.

*https://doi.org/10.5281/zenodo.19329336*

Аса қәўипли кеселликлер қатарына Крым-Конго, от-жара, қутырыў, бруцеллёз, корона вирусы кеселиклери кириб, бул кеселликлер менен шалыныў нәтийжесинде копшилик жағдайларда аўыр ақибетлерге алып келиўи мүмкин.

От жара кеселлиги өткир жуқпалы кеселлик болып, кеселлик ҳайўанлардан адамға жуғыўы мүмкин. Кеселликти халық арасында Сибир жарасы, иләҳий жалын, Иран апаты, жаман жара деп те жүритиледи. Кеселликтиң жуғыўы: Тийкарынан шарўа менен шуғылланыўшылар, гөш өнимлерин қайта ислеўшилер, аңшылар, ҳәмде кесел ҳайўан өнимлерин жетерли муғдарда зыянсызлантырылмағанда ҳәм гигиена қағыйдалары бузылғанда кеселлик жуғыўы мүмкин.

Ҳайўанларда ҳәм адамларда ушырасатуғын, нерв системасының аўыр жарақатланыўы менен кешетуғын, тек өлим менен тамамланатуғын өте қәўипли жуқпалы кеселлик, қутырыў кеселлиги болып есапланады. Адамларға қутырыў кеселлиги 90-95 % жағдайларда ийтлерден, қалған 5-10 % басқа ҳайўанлардан өтеди. Кеселлик қозғатыўшысы вирус, кеселликке шалынған ҳайўан силекейи арқалы териниң жарақатланған жерине түсиўи нәтийжесинде жуғады. Соның ушын, үй ҳайўанлары ҳам шарўа малларын бағыў қағыйдаларына, яғный оны барқулла байланған ҳалда бағыў, қараўсыз ҳалда қалыўына жол қоймаў, ҳәр 6 айда 1 мәретебе үй ҳайўанларын ветеринария врачлары көригинен өткерип турыў, қутырыў ҳәм басқада жуқпалы кеселликлерге қарсы емлетиў талап етиледи.

Бул атап өтилген аса қаўипли кеселликлердиң алдын алыў мақсетинде Шоманай районы Айрықша жағдайлар бөлими, районлық Санитария эпидемиология тынышлық ҳәм жәмийет салатлығы бөлими, районлық Ветеринария ҳәм шарўашылықты раўажлантырыў бөлимлери менен биргеликте ҳалық арасында үгит-нәсият жумыслары барқулла алып барылып атыр. Сондай-ақ саўда орынларының санитария-тазалық жағдайлары, микробты тасыўшы токсинларды келтириб шығарыўшы жағдайлардың алдын алыў мақсетинде барқулла бақлаў жумыслары амелге асырылмақта.